



Kesyon Evalyasyon pou Asirans Kalite

Zouti evalyasyon sa a se pou antite ki aplike nan pwogram Ti Sibvansyon pou Kominote k ap Vanse yo (Thriving Communities Subgrants, TCS) sèlman. Aplikan yo kapab itilize kesyon sa yo pou yo detèmine si pwojè yo a ka gen ladan l jesyon enfòmasyon anviwònmanal (environmental information operations, EIO), sa ki vle di yo ap bezwen yon Plan Pwojè Asirans Kalite (Quality Assurance Project Plan, QAPP) EPA apwouve. Yo p ap itilize repons sa yo pou bay aplikan yo nòt ni pou detèmine si yo elijib.

Si yo chwazi aplikan yo pou yon sibvansyon, Òganizasyon k ap bay sibvansyon yo ka itilize repons sa yo pou yo detèmine suivi yo pral fè pou amelyore kalite nan rejyon an. Òganizasyon k ap bay sibvansyon yo ka ede aplikan yo chwazi pou resevwa sibvansyon yo elabore yon QAPP pou rejyon yo a. Se Responsab Rejyonal Asirans Kalite EPA a ki pou pran desizyon final konsènan apwobasyon QAPP a.

“Jesyon enfòmasyon anviwònmanal” se yon tèm kolektif yo itilize pou jefò ki fèt pou kolekte, pwodui, evalye, oswa itilize enfòmasyon (oswa done) sou anviwònman an, ansanm ak konsepsyon, konstriksyon, jesyon, oswa itilizasyon teknoloji anviwònmanal pou kore misyon EPA a ki se pwoteje sante moun ak anviwònman an. Si yon pwojè itilize EIO pou pran oswa kore desizyon sou anviwònman an, yon QAPP obligatwa.

Pi ba a gen yon seri kesyon pou ki pou ede detèmine si yon pwojè itilize EIO. Koche Wi oswa Non pou chak pwen ki anba a si li konsène pwojè pa w la. Si w chwazi WI pou youn nan deklarasyon ki anba yo, sa ka vle di ou bezwen yon QAPP. Adaptasyon QAPP a dwe fèt selon [Nòm Plan pou Pwojè Asirans Kalite](#) EPA a. Fòk gen yon QAPP yo apwouve ki an plas anvan moun ki resevwa ti sibvansyon yo tanmen aktivite pou kolekte done yo. Pwogram Thriving Communities Grantmakers yo disponib pou yo ba w sipò pou reponn ak bezwen rejyon an nan zafè asirans kalite, navigasyon, preparasyon dokiman, epi pou gide w pandan tout pwosesis apwobasyon an nan rejyon w lan.

Koche WI oswa NON pou tout kesyon yo. Yon repons "wi" endike yon QAPP ka obligatwa. Si w nan dout, tanpri kontakte pwogram Thriving Communities Grantmaker w la:

	WI	NON
--	-----------	------------



Pwojè a pral kolekte ak analize diferan eleman nan anviwònman an, tankou lè, dlo anba tè, dlo ki sou sifas, latè, sediman, materyo konstriksyon, oswa òganis vivan yo		
Pwojè a ap mezire kèk faktè anviwònmantal tankou kalite dlo a (tanperati, pH, nivo sèl, kondiktivite) ak kalite lè a (ti kras pousyè, konsantrasyon gaz)		
Pwojè a ap kolekte, pwodui, oswa evalye done/enfòmasyon ki soti nan medya oswa sous ki pa tradisyonèl yo, tankou foto, GIS oswa imaj satelit, anrejistreman son, ak sondaj popilasyon pou pran desizyon sou anviwònman an oswa enfliyanse desizyon y ap pran yo		
Pwojè a ap evalye, analize, oswa itilize done oswa enfòmasyon ki soti nan sous tankou bazdone, aplikasyon lojisyèl, zouti pou ede pran desizyon, sitwèb, rechèch ki fèt deja, oswa lòt sous pou pran desizyon sou anviwònman an oswa enfliyanse desizyon y ap pran yo		
Pwojè a ap itilize ansyen done oswa enfòmasyon ki soti nan sous tankou bazdone, aplikasyon lojisyèl, zouti pou ede pran desizyon, sitwèb, rechèch ki fèt deja, oswa lòt sous yo pou regle aktivite ki diferan ak aktivite yo te kolekte oswa pwodui yo oparavan pou pran desizyon sou anviwònman an oswa enfliyanse desizyon y ap pran yo		
Pwojè a ap elabore yon modèl oswa aplikasyon lojisyèl pou l pran oswa enfliyanse desizyon y ap pran sou anviwònman an, oswa itilize yon ansyen modèl oswa aplikasyon lojisyèl pou pran desizyon yo		
Pwojè a ap kreye oswa itilize teknoloji anviwònmantal ki mezire, elimine, oswa anpeche polyan oswa kontaminan yo antre nan anviwònman an, tankou filtè dlo oswa filtè lè, tretman fizik oswa chimik, depolisyon, oswa sistèm pou retire vapè nan tè a.		

Egzanp “Reyèl”

Wi, QAPP a ka nesèsè:

- Itilize aparèy PurpleAir pou jwenn kote ki gen move kalite lè nan yon minisipalite
- Mande moun nan kominote yo kote ki ap pi bon pou mete aparèy pou kontwòle kalite lè yo
- Evalye materyo konstriksyon ki danjere yo (pa egzanp, penti ki abaz plon ak amyant) pou detèmine si l nesèsè pou retire oswa repare yo
- Kontwòle kalite dlo a dirèkteman nan milye natirèl li ye a nan mezire eleman tankou tanperati, klète, nivo sèl, pH pou evalye kalite dlo ki sou sifas la



- Pran echantiyon dlo a epi analize li anvan epi apre yo fin mete an plas Pi Bon Pratik Jesyon (Best Management Practice, BMP) enfastrikti ekolojik pou verifye kalite dlo a
- Konpare imaj satelit menm kote a nan diferan moman pou evalye enpak sou itilizasyon tè yo
- Evalye done ak enfòmasyon ki gen pou wè ak itilizasyon sèvis piblik ak enèji pou elabore yon Plan Aksyon Klimatik pou diminye emisyon gaz efèdsè yo

Non, QAPP a ka pa nesèsè:

- Elabore epi distribye dokiman ki pale sou edikasyon anviwònmanal pou mete piblik la okouran sou risk ki genyen pou yo soufri opresyon akòz move kalite lè a
- Bay yon fòmasyon pwofesyonèl nan domèn anviwònman pou moun ki fè metye ki diminye gaz efèdsè yo epi kontwole kantite patisipan yo kòm mwayen pou mezire siksè
- Kolekte enfòmasyon ak resous sou preparasyon pou katastwòf pou pataje avèk yon kominote
- Bay dokiman sansibilizasyon pou enfòm kominote a sou danje depotwa ilegal yo nan kominote yo a
- Poze popilasyon an kesyon pou wè si yo konnen pwogram ak resous ki kapab ede yo rann kay yo pi pwòp
- Bay rezidan yo kat jewografik ki gen mache agrikòl lokal yo pou ede yo jwenn plis manje, epi suiv kantite moun ki ale nan mache yo ofiyamezi tan ap pase.